# QANLÍKÓLDE "JAŃA ÓZBEKSTAN" TURAQ JAYLAR MASSIVINIŃ QURÍLÍSÍ BASLANDÍ

Prezidentimizdiń 2021-jıl 9-dekabrdegi «Jańa Ózbekstan»  massivlerin qurıw hám aymaqlardıń sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıwın támiyinlew haqqında»ǵı PP-32-sanlı Pármanı tiykarında Qanlıkól rayonında jańa turaq-jaylar massivin shólkemlestiriw ushın «Nawrız» awıl puqaralar jıyını aymaǵınan 14 gektar jer maydanı ajıratıldı.
Pármanǵa muwapıq sol orınǵa  2022-jılda 10 dana 5 qabatlı turaq jaylar qurıw rejelestirilgen.

Image not found or type unknown

Búgin jańa imarattıń irge tası qalanıp, qurılıs jumısları baslap jiberildi. Ilájǵa Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń Baslıǵı Q.Sariev hám sektor basshıları menen tiyisli taraw wákilleri qatnastı.

Image not found or type unknown

Ministrler Keńesiniń Baslıǵı Q.Sariev turaq jaylar qurılatuǵın orındı barıp kórdi hám joybarlar menen tanısıp, qurılısshılar menen sáwbetlesti. Eń baslı maqset puqaralarǵa arzan, qolaylı, zamanagóy hám sapalı turaq jaylar qurıp beriw ekenligin atap ótti. Sonday-aq, qurılıs jumıslarınıń alıp barılıw tártibi,  belgilengen obektlerdiń paydalanıwǵa tapsırılıw waqtı haqqındaǵı maǵlıwmatlar jıynalǵanlar názerine usınıldı.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

QR Ministrler Keńesiniń Málimleme xızmeti